




Travay sa a te gen anpil sipò pa:

JPMORGAN CHASE & CO.

### TANPERATI MWAYÈN SIFAS SEGONDÈ



### KONPAREZON TANPERATI SIFAS KATYE:

Menmsi pyebwa ede nan kreye lonbraj nan vil yo, Tanperati gwo zòn iben ki touprè gwo wout yo toujou pi wo paske katye sa yo kenbe chalè, yo rele fenomèn sa efe Urban Heat Island. Lè nou konen konsantrasyon beton nan zòn yo ogmante tanperati sifas yo, nou wè katye tankou Allapatah fè fas a tanperati sifas ki ekstrèm menm jan ak Dodge Island, yon zile atifisyèl betone nan Miami

## KLIMA AK EKITE

### TANPERATI SIFAS KATYE YO


Yon analiz konparatif sou tanperati sifas nan Katye Miami revele ke gen yon lyen pozitif ant pyebwa ki bay lonbraj ak pwoteksyon kont gwo chalè ekstrèm. Dapre rechèch yo, zòn ki pat gen gwo envestisman pandan lontan gen mwens pyebwa ki ka bay lonbraj. Se sa ki fè zòn sa yo toujou fè fas a gwo vag chalè ki pi di.

### KAT REPATISYON CHALÈ

(AGOCH) Kat sa montre gwo tanperati katye nan Miami te santi. Kat sa revele yon konsantrasyon gwo tanperati nan zòn Overtown ak Allapatah konpare a lòt katye ki tou pre yo.

### POUSANTAJ % PYEBWA KI BAY LONBRAJ VS TANPERATI MWAYÈN SIFAS AN (°F)

(ANBA) Liy sa montre ke katye ki yon pouvantaj pyebwa ki bay lonbraj ki fèb gen pi tanperati sifas ki pi wo. Katye sa yo se espas ke yo te majinalize pandan lontan. Konstriksyon wout 195 la ak lòt wout beton pwovoke blokis epi ekspoze abitan katye sa yo a polisyon san envestisman nan pyebwa pou lonbraj oubyen lot strateji natirèl pou kreye lafrèch.



Sous Done: ESRI, Heat Health Census Tracts, 2021  
ESKANE KÒD SA POUW JWENN PLIS  
RESOUS



Tanperati sifas mwayèn (F)

